

Assalamualaikum warahmatullahhi wabarakatuh

Jamaah Masjid ... ingkang dipuntresnani Allah

Puji lan syukur sumangga tansah kita aturaken dhumateng ngarsanipun Allah SWT.

Awti saking rahmat, taufik, saha hidayahipun Allah saengga ing dalu menika kita saged rawuh ing Masjid saperlu ngibadah shalat Isya kanthi berjamaah ingkang Insya Allah badhe dipunlajengaken kaliyan shalat tarawih saha witir kanthi berjamaah.

Para rawuh ingkang minulya Mboten kesupen kawulo ngegetaken bilih ing dalu punika malem Ramadhan H.

Mugi-mugi amal ibadah ingkang sampun kita tindakaken kanthi ikhlas pikantuk ridha Allah Swt. Mugi-mugi kita ugi dipun paringi rejeki, kalebet tiyang ingkang saged nyambut dinten riyadin.

Shalawat saha salam mugi tansah katetepaken dhumateng kanjeng Nabi Muhammad saw., ingkang kita tunggu syafaatipun wonten ing Yaumul Akhir. Aamin, ya robbal'aalamiin.

Hadirin jama'ah masjid ... keparenga ngaturaken sekedhik pambiwara.

Ingkang sepisan,

Laporan infaq Masjid..... ngantos dumugi sakmenika sampun mlebet.... Kawula minangka wakil takmir masjid ngaturaken panuwun dhumateng para jamaah ingkang sampun paring infaq, mugi-mugi amal ibadahipun para jamaah pikantuk piwales makaping-kaping kabecikan dening Allah.

Salajengipun,

- Kawulo aturaken bilih dinten punika tanggal
- Petugas sembahyang tarawih ing mesjid
- Kados kula waosaken ing ngandhap menika. Muadzin lan Bilal dinten menika inggih Bapak...
- Imam ing dinten menika inggih menika Bapak
- Ingkang bade paring ceramah saderengipun shalat tarawih inggih menika Bp.....

Para rawuh ingkang minukya Kawulo makili takmir mesjid ... ugi nyuwun dumateng jamaah supados manggeni saf ingkang paling ngajeng rumiyin.

Keparenga,

Kula nyuwun dhumateng jamaah supados nyetel HP ing mode silent, utawi mejahaken piranti komunikasi sanesipun amrih lancar lan tertib sholat tarawih ing dalu punika.

Hadirin jama'ah masjid....ingkang pikantuk rahmat Allah, mekaten wau wara-wara ingkang saged kita aturaken. Nyuwun pangapunten menawi wonten kalepatan.

Wassalaamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh